



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 14 desanm 2012

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU FIZIYAD KI TE FÈT NAN  
SANDY HOOK ELEMENTARY SCHOOL**

“Mwen te choke ak tris pou tande fiziyad trajik la nan Sandy Hook Elementary School maten an nan Newtown, Connecticut. Panse nou ak priyè nou se avèk fanmi ak zanmi viktim inosan yo – anpil ladan yo se te jèn timoun – ki te pèdi lavi yo nan zak vyolans san sans ak terib sa a. Pandan moman trajedi moun pa atann konsa, tout Nouyòkè yo kanpe ansanm avèk moun ki nan eta vwazen nou pou kriye pou lavi moun ki pèdi, epitou pou ede pote doulè ak chagren anpil moun ap santi pandan anpil semèn, mwa ak ane k ap vini yo.

“Menmsi nou pa gen tout enfòmasyon yo epi menmsi nou konsantre sou viktim yo, sa se yon lòt zak vyolans san sans ak terib ki gen pou wè ak zam pou tire. Nou, antan yon sosyete, nou dwe fè yon sèl, epi yon fwa pou tout pou aplike lalwa avèk severite sou zam pou tire ki detwi lavi twòp Ameriken inosan. An nou kite trajedi terib sa a reveye nou pou nou fè aksyon agresif epi mwen pwomèt tout sipò mwen nan efò sa a.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418